

Chat Monreal  
pou dwa ak  
**responsabilite**



Charte montréalaise  
des droits et responsabilités

[ville.montreal.qc.ca/chartedesdroits](http://ville.montreal.qc.ca/chartedesdroits)

Montréal

# Alapapòt




*Chat Monreal pou dwa ak Responsabilite moun chita sou valè diyite moun, lajistis, lapè, egalite, transparans ak demokrasi. Se menm valè sa yo, moun Monreal yo, fanm kou gason, pataje ansanm, ki alabaz dwa moun, tankou Nasyonzini rekonèt yo.*

Chat Monreal la parèt ak prensip dwa epi responsabilite yo sou yon fòm tou nèf. Li tankou yon kontra sosyal ki prevwa yon angajman klè ant Vil Monreal la epi estaf anplwaye li yo nan yon amelyorasyon san rete pou divès sèvis li ap bay popilasyon an.

Chat Monreal la chwazi yon tribunal, ki pa nan patipri, kote *ombudsman* (pwotektor dwa sitwayen) Monreal la, ap pote solisyon lè gen dezakò, ki chita sou nannan yon pwoblèm ant yon sitwayen ak Vil la. Men, anvan tout bagay, se apati yon efò nan tèt ansanm ant sitwayen yo, fanm kou gason, epi Vil la, li va posib pou gen yon garanti pou respè dwa moun yo jan yo parèt nan Chat la.

Chat Monreyal la fêt an lagan ak sitwayen yo epi pou sitwayen yo, avèk èd plizyè ekspè epi Chantye sou demokrasi (2002 – 2014), Chat sa a te pase anba yon premye revizyon, toujou avèk patisipasyon moun nan popilasyon an epi Chantye sou demokrasi a, tout sa se pou yo te amilyore li yon fason pou li respekte atik 42 a. Konsa, yo te rive ranje oubyen ajoute plizyè angajman yon fason pou yo te respekte kondisyon lavi jounen jodi a. Kòm ekzanp, nou kab nonmen chapit ki sou demokrasi a, anviwonnanman an epi devlopman dirab la.

*Chat Monreyal pou dwa ak responsabilite* se yon tèks fondamantal pou sitwayen yo, fanm kou gason, epi pou Vil Monreyal la. Se premye fwa sa fêt nan Amerikdinò.



## CHAT MONREYAL POU DWA AK RESPONSABLITE

<b>Konsideran</b>	gwo rankont ki te fèt Monreal nan ane (2002) a te fè yon konsansis anfavè <i>Chat Monreal la pou dwa ak responsablite</i> , pandan li te fè tout moun sonje divès valè ki rasanble epi mobilize sitwayen yo, fanm kou gason, nan Monreal, epi pandan li te defini dwa yo nan vil la;	<b>Konsideran</b>	<i>Deklarasyon Monreal la pou divèsite kiltirèl ak enklizyon</i> (2004);
<b>Konsideran</b>	tout sitwayen yo, fanm kou gason, ansam ak Vil Monreal gen responsablite pou yo fè pwomosyon valè sivik ki favorize sekirite tout moun nan vil la, rapò bon vwazinaj, respè pou espas kote moun ap viv lavi yo, ansanm ak respè epi prezèvason anviwonnan an;	<b>Konsideran</b>	<i>Deklarasyon Monreal la pandan Jounen Entènasyonal fanm yo</i> (2005);
<b>Konsideran</b>	sitwayen vil Monreal yo, fanm kou gason, benefisyé dwa ak libète ki soti nan <i>Deklarasyon inivèsèl dwa moun</i> apati 10 desanm 1948 ansanm ak enstriman entènasyonal epi entèrameriken dwa moun, ki genyen Kanada ladan epi kote Kebèk deklare, li se yon asosye;	<b>Konsideran</b>	<i>Deklarasyon prensip pou kolektivite Monreal la nan domèn devlopman dirab</i> (2003);
<b>Konsideran</b>	tout dwa fondamantal yo lye yonn ak lòt, yo endisosyab epi yo konekte an pwofondè, konfòmeman ak prensip ki parèt nan <i>Deklarasyon ak Pwogram aksyon peyi Vyèn</i> apati Konferans Nasyonzini sou dwa moun (1993);	<b>Konsideran</b>	Vil Monreal rekonèt tout entèvansyon li yo, ansanm ak aplikasyon pouvwa li yo kapab pèmèt pwomosyon dwa moun ak responsablite sitwayen yo, fanm kou gason, nan vil la;
<b>Konsideran</b>	sitwayen vil Monreal yo, fanm kou gason, benefisyé dwa fondamantal ki pwoklame, epi ki jwenn garanti nan <i>Chat dwa ak libète moun nan Kebèk</i> (1975) ansanm ak <i>Chat dwa ak libète moun nan Kanada</i> (1982);	<b>Konsideran</b>	Vil Monreal pare pou li mobilize reprezantan li yo, fanm kou gason, estaf anplwaye li yo, sosyete paraminisipal li yo, ansanm ak sosyete ki sou kont Vil la nan demach pou pwomosyon ak pwoteksyon lasitwayènte pou tout moun;
<b>Konsideran</b>	<i>Deklarasyon Monreal la kont diskriminasyon rasyal</i> (1989) ansanm ak <i>Pwoklamasyon 21 mas la « Jounen entènasyonal pou eliminasyon diskriminasyon rasyal sou tout fòm li yo »</i> (2002);	<b>Konsideran</b>	chak sitwayen, fanm kou gason, nan vil Montréal gen responsablite pou li pa deranje pyèsmoun nan pratik total dwa yo, otreman bon kalite lavi epi diyite chak gress moun, fanm kou gason, ap an difikilite;
<b>Konsideran</b>		<b>Konsideran</b>	chak sitwayen, fanm kou gason, nan vil Monreal gen responsablite pou respekte lalwa, regleman ki genyen yo, ansanm ak byen piblik;

## **Konsideran**

*Chat Monreyal pou dwa ak responsablite se yon zouti orijinal, ki la pou sitwayen yo, fanm kou gason, nan vil Monreyal la. Yo kab sèvi ak li kòm sous enspirasyon nan lavi chak jou yo, menm jan ak nan pratik dwa ak responsablite yo, yo kab sèvi ak li tou devan *ombudsman* Vil Monreyal la oka yo ta santi yon ratman sou dwa yo apre yon desizyon kèlkonk, yo kab sèvi ak li lè gen yon aksyon osnon yon mankman Vil Monreyal, yon mankman yon sisyete paraminisipal kèlkonk, mankman yon sisyete ki sou kont Vil la, yon fonksyonè, yon anplwaye, fanm kou gason, oubyen tout lòt moun, ki ap fè yon travay pou Vil la;*

Avèk *Chat Monreyal pou dwa ak responsablite* Vil Monreyal deklare angajman li pou li devlope avèk sitwayen li yo, fanm kou gason, respè pou dwa ak responsablite sa yo epi garanti aplikasyon yo.



# P r e n s i p a k v a l è

**ATIK 1** | Vil la se yon teritwa epi yon espas ki gen lavi, kote ki dwe gen pwomosyon pou diyite ak entegrite moun, tolerans, lapè, enklizyon, ansanm ak egalite nan mitan tout sitwayen yo, fanm kou gason.

**ATIK 2** | Nou pa kab pwoteje diyite moun si nou pa toujou ap goumen, epi san tèt ansanm, kont lapovrete epi kont tout kalite diskriminasyon, sila yo ki chita sou orijin etnik oubyen nasyonal, koulè po moun, laj yo, kondisyon sosyal yo, eta sivil yo, lang yo pale, reliyion yo, sèks yo, oryantasyon seksyèl yo oubyen si yo andikape.

**ATIK 3** | Respè, lajistis epi ekite, se valè sa yo, ki kreye volonte kolektif pou ranfòse epi konsolide Montréal kòm vil demokratik, solidè epi ki louvri pou tout moun.

**ATIK 4** | Jesyon tout afè Vil la nan transparans facilite pwomosyon dwa demokratik sitwayen yo, fanm kou gason.

**ATIK 5** | Patisipasyon sitwayen yo, fanm kou gason, nan afè Vil la facilite ranfòsman konfyans moun yo nan enstitisyon demokratik yo, ranfòsman santiman apatenans nan vil la ansanm ak pwomosyon yon sitwayènt ki aktif.

**ATIK 6** | Epanouyisman sitwayen yo, fanm kou gason, mande pou yo evolye nan yon anviwonnan fizik, kiltirèl, ekonomik epi sosyal ki pwoteje epi ranfòse abita kolektif la.

**ATIK 7** | Pwoteksyon anviwonnan an ak devlopman dirab la aji pozitivman sou devlopman ekonomik lan, kiltirèl epi sosyal epi li patisipe nan byennèt jenerasyon ki la, jounen jodi a, epi sila yo ki ap vini.

**ATIK 8** | Rekonesans, konsèvasyon epi mete patrimwàn lan an valè facilite mentnans epi amilyorasyon kalite lavi sitwayen yo, fanm kou gason, ansanm ak reyonnan idantite Montréal.

**ATIK 9** | Se lakilti ki nan fondas idantite a, listwa, epi koyezyon sosyal Montréal. Lakilti se yon motè esansyèl nan devlopman Montréal ak nan dinamis li.

**ATIK 10** | Yon òf sèvis ekitab mache ak divèsite bezwen sitwayen yo, fanm kou gason.

**ATIK 11** | Lwazi yo, aktivite fizik epi espò se yon pati nan kalite lavi ki kontribye nan devlopman global moun yo ansanm ak entegrasyon kiltirèl epi sosyal moun sa yo.

**ATIK 12** | Aspè kosmopolit Montréal la reprezante yon richès ki jwenn valè li apati pwomosyon enklizyon epi relasyon nan bon amoni ant kominate yo ak endividé ki soti tout kote.

**ATIK 13** | Montréal se yon vil kote yo pale franse, men, daprè lalwa, sitwayen yo, fanm kou gason, ka gen aksè ak sèvis minisipal yo, nan lang angle tou.

**ATIK 14** | Nan vil Montréal, chak sitwayen, fanm kou gason, genyen kòm devwa pou li respekte dwa tout lòt sitwayen yo.

# responsabilite ak angajman yo

## CHAPITI

### *Vi demokratik*

ATIK 15

#### | Dwa ak responsabilite yo

Sitwayen yo, fanm kou gason, jwi dwa demokratik yo epi yo patisipe, avèk administrasyon minisipal la, nan yon efò kolektif, avèk objektif pou garanti jwisan kalite dwa sa yo. Yo kontribye ladan apati jès kompatib yo poze an fonksyon divès angajman ki parèt nan chapit sa a.

Sitwayen yo, fanm kou gason ekzèse dwa yo genyen pou yo vote epi, selon mwayen yo, yo patisipe nan afè Vil la, yo enfòme tèt yo, patisipe nan deba ki konsène yo epi yo eksprime, nan respè tout moun, yon opinyon ki gen sans, yon fason pou enfliyanse desizyon yo.

ATIK 16

#### | Angajman yo

Pou fasilitate patisipasyon sitwayen yo, fanm kou gason, nan afè Vil la, Vil Monreal pran angajman sa yo :

- a)** ankouraje patisipasyon publik la, konsa, li founi sitwayen yo, fanm kou gason, divès enfòmasyon itil, ki parèt nan yon langay klè, epi ranfòse komunikasyon ki apwopriye;
- b)** pèmèt moun yo jwenn dokiman apwopriye pou divès afè Vil la;
- c)** garanti karaktè kredib, transparan epi efikas divès konsiltasyon publik yo apati adopsyon epi respè pou mwayen ki la pou sa yo;
- d)** rann aksesib, chak ane, pou sitwayen yo, fanm kou gason, bilan finansye Vil la sou fòm yon rezime, ansam ak dokiman pou eksplike bidjè a epi pwogram sou 3-an pou imobilizasyon, yon fason pou favorize patisipasyon sitwayen yo, fanm kou gason;

**dd)** soutni pwosesis bidjetè publik ki konekte ak preparasyon bidjè Vil Monreal epi pwogram imobilizasyonli yo pou 3-an;

**e)** pran bon jan mwayen pou fè pwomosyon, avèk patnè ki nan milye a, divès dwa ki parèt nan nan Chat sa a ansam ak divès responsabilite epi divès valè ki ladan li yo epi, nan sans sa a, soutni divès pratik sensibilizasyon ak edikasyon;

**f)** favorize reprezentasyon fanm, kèleswa orijin yo, otoktòn yo, minorite tout moun wè yo, manm komunitate etnokiltirèl yo epi jèn yo nan espas kote ki genyen priz desizyon epi kote ki gen konsiltasyon;

**g)** soutni egalite ant fanm ak gason;

**h)** konsève, apati regleman konsèy vil la, yon dwa inisyativ pou sitwayen yo, fanm kou gason, nan kad konsiltasyon publik;

**i)** konbat diskriminasyon, pwofilaj rasyal, pwofilaj sosyal, zenofobi, rasis, seksis, omofobi, diskriminasyon kont moun aje, povrete epi eksklizyon, yo tout gen potansyèl minen divès fondman yon sosyete lib epi demokratik;

**j)** planifye renouvèlman fonksyon publik Monreal la epi ankouraje jèn moun rantre ladan, ak lide pou reflete divèsite popilasyon Monreal la, an konfòmité avèk pwogram ki aplikab nan egalite anplwa pou tout moun.

## CHAPIT 2

# Vi ekonomik epi sosyal

ATIK 17

### | Dwa ak responsabilite yo

Sitwayen yo, fanm kou gason jwi dwa ekonomik ak dwa sosyal epi yo patisipe, avèk administrasyon minisipal la, nan yon efò kolektif avèk objektif pou garanti jwisans kalite dwa sa yo. Yo kontribye ladan apati jès konpatib yo poze an fonksyon divès angajman ki parèt nan chapit sa a.

ATIK 18

### | Angajman yo

Pou pèmèt sitwayen yo, fanm kou gason, jwi dwa ekonomik ak dwa sosyal yo, Vil Monreal pran angajman pou :

- a)** pran bon jan aksyon pou kay kote moun rete respekte nòm sou lapwòpte lè gen pwoblèm pou lasante ak sekirite, epi pèmèt moun jwenn lòt kay pou yo rete lè yo dwe kite kay kote yo ap viv la oubyen lè gen obligasyon pou fèmen yon espas yon lojman osnon yon bilding;
- b)** pran bon jan aksyon, avèk èd patnè li yo, pou li founi moun dejwe ki ap trenen nan lari yo, lè yo santi yo bezwen sa, depi yo fè dmann lan, yon kay povizwa epi sekirité;
- c)** konsidere, lè li ap mete an plas regleman pou lojman, bezwen pou, pati nan popilasyon an ki arisk la, prensipalman bezwen moun ak fanmi ki pa touche anpil lajan yo epi ki gen ti kras lajan;
- d)** mentni, avèk èd patnè gouvènemantal li yo, regleman pou ede pati nan popilasyon an ki arisk yo yon fason pou yo kab genyen yon kay ki konvenab epi nan yon pri abòdab;

- e)** pèmèt sitwayen yo, fanm kou gason, pran responsabilite espas kote yo ap viv la, pou yo amilyore lavi ekonomik ak sosyal divès kolektivite yo;
- ee)** pran bon jan aksyon, avèk èd divès patnè, pou prevni epi goumen kont povrete ak eksklizyon sosyal;
- f)** founi sitwayen vil la, fanm kou gason, mwayen pou yo gen, an kantite sifizan, bon kalite dlo potab pou yo bwè;
- g)** bay garanti pou okenn sitwayen, fanm kou gason, pa janm manke bon dlo pou yo bwè akoz rezon ekonomik.



# 3

## CHAPIT 3

### *Vi kiltirèl*

ATIK 19

#### | Dwa ak responsabilite yo

Sitwayen yo, fanm kou gason, jwi dwa kiltirèl epi yo patisipe, avèk administrasyon minisipal la, nan yon efò kolektif avèk objektif pou garanti jwisans kalite dwa sa yo. Yo kontribye ladan apati jès konpatib yo poze an fonksyon divès angajman ki parèt nan chapit sa a.

ATIK 20

#### | Angajman yo

Pou fasilité sitwayen yo, fanm kou gason, lajwisans dwa kiltirèl yo, Vil Monreal pran angajman pou :

- a)** pran bon jan mezi pou defann, pwoteje mete an valè patrimwàn kiltirèl epi natirèl la epi favorize difizyon divès kalite savwa ak konesans ki distenge yonn parapò ak lòt;
- b)** konsève aksesiblite, sou plan jeyografik tankou plan ekonomik, tout espas ki la pou fè difizyon lakilti ak atizay epi ankouraje moun al vizite yo;
- c)** fè pwomosyon kreyasyon;
- d)** ede devlopman epi divèsite pratik kiltirèl yo;
- e)** favorize devlopman rezo bibliyotèk li yo epi fè pwomosyon pou rezo sila a ansanm ak pou rezo mize minisipal yo kòm espas pou aksè ak savwa ak lakonesans;

## CHAPIT 4

### *Lwazi, aktivite fizik epi espò*

ATIK 21

#### | Dwa ak responsabilite yo

Sitwayen yo, fanm kou gason, jwi dwa nan domèn lwazi, aktivite fizik epi espò epi yo patisipe, avèk administrasyon minisipal la, nan yon efò kolektif, avèk objektif pou garanti jwisans kalite dwa sa yo. Yo kontribye ladan apati jès konpatib yo poze an fonksyon divès angajman ki parèt nan chapit sa a, prensipalman, apati fason yo itilize ekipman kolektif ki la pou sa yo.

ATIK 22

#### | Angajman yo

Pou pèmèt sitwayen yo, fanm kou gason, jwi dwa pou lwazi, ak aktivite fizik epi espò, Vil Monreal pran angajman pou :

- a)** ankouraje epi fè konnen, avèk èd patnè, ki nan chan aksyon sa a, yon òf sèvis divèsifye epi konplemantè ki koresponn ak bezwen popilasyon an ki ap grandi epi fè pwomosyon pou yon estil vi ki aktif;
- b)** òganize pak yo, enfrastrikti lwazi yo, avèk aktivite fizik epi bon kalite espò, ki distribye yon fason ekitab an fonksyon divès bezwen ki ap grandi nan milye lavi sa yo;
- c)** favorize aksesiblite pou aktivite epi ekipman kolektif yo.



## CHAPIT 5

# Anviwonnan ak developman dirab

5

ATIK 23

### | Dwa ak responsabilite yo

Sitwayen yo, fanm kou gason, jwi dwa nan domèn anviwonnan epi developman dirab epi yo patisiye, avèk administrasyon minisipal la, nan yon efò kolektif, avèk objektif pou yo garanti jwisans kalite dwa sa yo. Yo kontribye ladan apati jès konpatib yo poze an fonksyon angajman ki parèt nan chapit sa a, prensipalman nan itilizasyon dlo nan yon fason responsab.

ATIK 24

### | Angajman yo

Pou pèmèt sitwayen yo, fanm kou gason, jwi dwa nan domèn anviwonnan epi developman dirab, Vil Monreal pran angajman pou :

- a)** fe pwomosyon pou rediksyon alasous, resiklaj, epi valorizasyon;
- b)** mete ansanm pwoteksyon anviwonnan an ak patrimwàn ki bati a avèk developman ekonomik, sosyal epi kiltirèl la;
- c)** favorize san rete yon amilyorasyon kalite dlo ki arebò gwo kouran dlo yo, tè vil la epi lè epitou fe pwomosyon bon jan mezi pou ogmante plis zòn espesyal avèk ti espas frechè;
- d)** ankouraje tout kalite transpò kolektif epi aktif, ansanm ak lòt kalite ki kab limite itilizasyon otomobil nan mitan vil, yon fason pou diminye polisyon atmosferik la ansanm ak emisyon gaz ki kab pwovoke rechofman planèt la;
- e)** fasilité aksè bò rivaj yo ansanm ak nan espas vèt yo;
- f)** favorize pwoteksyon epi valorizasyon espas natirèl yo ak forè ki nan mitan vil;
- ff)** prezève byodivèsite a epi ankouraje kwasans li nan pak yo ak nan espas vèt yo;

**g)** pran bon jan mezi pou limite nuizans alekstrèm apati bri ki ap fèt epi sikilasyon, kontwole nuizans ki soti nan espas ki gen depo fatra epi ankouraje sitwayen yo, fanm kou gason, pou yo gen yon konpòtman sivik responsab epi pou yo respekte espas ki gen lavi ansanm ak anviwonnan an;

**h)** ankouraje jesyon resous yo yon fason responsab, prensipalman nan domèn jesyon dlo;

**i)** ankouraje aplikasyon developman dirab apati evolisyon divès konesans epi divès pratik ki genyen nan domèn sa a.



# 6

## CHAPIT 6

### Sekirite

ATIK 25

#### | Dwa ak responsablite yo

Sitwayen yo, fanm kou gason, jwi dwa demokratik yo epi yo patisipe, avèk dministrasyon minisipal la, nan yon efò kolektif, avèk objektif pou garanti jwisans kalite dwa sa yo. Yo kontribye ladan apati jès konpatib yo poze an fonksyon divès angajman ki parèt nan chapit sa a, prensipalman nan fè plis atansyon nan ajisman yo yon fason preventif.

ATIK 26

#### | Angajman yo

Pou pèmèt sitwayen yo, fanm kou gason, genyen dwa viv an sekirite, Vil Monreyal pran angajman pou :

- a)** òganize teritwa li a yon fason sekirité;
- b)** ankouraje, avèk èd divès patnè ki nan milye a, bon jan regleman espesifik pou sekirite fanm;
- c)** fè bon jan regleman pou garanti sekirite sitwayen yo, fanm kou gason, nan espas pubblik yo, prensipalman nan pak yo, nan itilizasyon ekipman kolektif epi rekreyatif yo;
- d)** ankouraje bon jan regleman pou prevansyon ki baze sou sensibilizasyon epi patisipasyon, sitwayen yo, fanm kou gason, avèk kolaborasyon responsab sekirite pubblik epi sivil yo;
- e)** pwoteje entegrite fizik moun yo ak byen yo.



# 7

## CHAPIT 7

### Sèvis minisipal yo

ATIK 27

#### | Dwa ak responsablite yo

Sitwayen yo, fanm kou gason, genyen dwa pou yo resevwa bon jan sèvis minisipal epi patisipe avèk administrasyon minisipal la, nan yon efò kolektif, avèk objektif pou garanti jwisans kalite dwa sa a. Yo kontribye ladan apati jès konpatib yo poze an fonksyon divès angajman ki parèt nan chapit sa a, prensipalman nan patisipe pou vil la rete pwòp.

ATIK 28

#### | Angajman

Pou pèmèt sitwayen yo, fanm kou gason, benefisyé dwa pou yo genyen bon jan sèvis minisipal, Vil Monreyal pran angajman pou :

- a)** bay sèvis minisipal san repwòch, nan respè, san diskriminasyon;
- b)** favorize òf ak distribisyon sèvis minisipal yo yon fason ekitab;
- c)** favorize souplès nan sèvis minisipal li yo ansam ak nan itilizasyon espas pubblik yo yon fason pou li kab satisfé divès bezwen sitwayen yo, fanm kou gason;
- d)** pran mezi pou limite nuizans ansam ak obstak ki kab jennen sitwayen yo, fanm kou gason, lè yo ap rantre lakay yo kè pòpòz epi pou yo gen aksè ak wout pou pyeton;
- e)** pran bon jan mezi pou domèn pubblik la rete pwòp;
- f)** favorize aksesiblité inivèsèl nan amenajman teritwa a, nan aksè nan edifis yo ansam ak nan komunikasyon, nan pwogram epi nan sèvis minisipal yo an jeneral.

# Pòte, miz an Entèpretasyon epi èv

**ATIK 29** | *Chat Monreyal pou dwa ak responsabilite a lye Vil la, sosyete paraminisipal yo, divès sosyete ki sou kontwòl Vil la ak tout anplwaye pa yo, fanm kou gason, fonksyonè yo osnon tout lòt moun ki ap fè travay pou Vil la. Li lye tou, tout sitwayen vil Monreyal yo, famm kou gason.*

*Chat Monreyal pou dwa ak responsabilite a prezante kèk nòm minimal ki ale nan menm sans ak atik 144 Chat Vil Monreyal la. Konsa, yo kab aplike li nan tout awondisman yo daprè règ ki etabli nan pati sa a.*

**ATIK 30** | Nan Chat sa a, lè yo di sitwayen, fanm kou gason, yo vle di yon moun an chè e an zo ki ap viv sou teritwa Vil Monreyal la.

**ATIK 31** | Angajman ki parèt nan Chat sa a rete nan limit konpetans Vil la ansanm ak tout konpetans Vil la pataje ak lòt nivo gouvènman ki gen limit yo lye avèk mwayen ekonomik yo genyen an jeneral ansanm ak limit rezonab nan yon sosyete lib epi demokratik.

**ATIK 32** | Yon sitwayen, fanm kou gason, ki kwè li viktим paske yo pa respekte dwa li genyen apati sa ki ekri nan Pati II Chat sa a kapab al depoze yon plent devan *ombudsman* Vil Monreyal la.

Chat sa a pa fèt pou li ede moun fè yon aksyon legal osnon pou yo itilize li devan otorite jidisyè oubyen kazi jidisyè.

**ATIK 33** | Nan travay li, daprè pouvwa Regleman sou *ombudsman* lan ba li ansanm ak Chat sa a, yon *ombudsman* dwe :

- a)** entèprete regleman minisipal ki koresponn ak tretman yon plent nan yon fason ki koresponn ak Chat sa a,
- b)** apati rezèv ki genyen nan atik 12 Regleman sou *ombudsman* Vil Monreyal adopte a, fè ankèt apati plent sitwayen yo, fanm kou gason, ki fonde sou Pati II Chat sa a, ki soti nan desizyon, aksyon osnon omision Vil la, sosyete paraminisipal yo ansanm ak anplwaye pa yo, fanm kou gason, sosyete ki sou kont Vil la epi anplwaye pa yo, fi kou gason, fonksyonè yo osnon tout lòt moun ki ap fè travay pou Vil la.



ATIK 34 | Si li gen entansyon fè ankèt ki baze sou Chat sa a, *ombudsman* lan ka, si li kwè sa nesesè, sèvi ak sa ki ekri nan seksyon Alapapòt la ansanm ak sa ki parèt nan Pati I Chat sa a yon fason pou entèprete Pati II Chat la.

ATIK 35 | Lè prensipal motif yon plent ki ale devan *ombudsman* nan sòti nan Chat ki la a epi plent sa a konsène yon desizyon konsèy vil la, komite ekzekutif la osnon yon konsèy awondisman, *ombudsman* lan ka fè ankèt sou desizyon an, rekòmandasyon an, aksyon an oubyen omisyón ki alabaz plent lan.

Sepandan, premye alinea atik sa a pa kab sèvi lè desizyon an, rekòmandasyon an, aksyon an oubyen omisyón yo vize a osnon yo nonmen an genyen yon karaktè esansyèlman bidjetè.

ATIK 36 | Dispozisyon Regleman sou *ombudsman* lan aplikab pou plent yo resevwa epi pou ankèt *ombudsman* lan fe daprè Chat sa a, sòf nan sitiyasyon kote Chat la modifie pòte yo.

ATIK 37 | Lè *ombudsman* lan gen motif rezonab pou li kwè yon plent fonde sou Chat sa a, se yon plent ki resevab, li kapab pandan ankèt li a, antreprann modifikasyon pou li detèmine yonn oubyen plizyè solisyon ki respekte dispozisyon ki parèt nan Chat sa a.

ATIK 38 | Nan tout ka kote ki gen yon medyasyon, *ombudsman* lan dwe transmèt kopí rezulta medyasyon sa yo osnon rekòmandasyon li fè a pou gwoup ak endividé plent lan ak ankèt la konsène.

ATIK 39 | Nan tout ka kote ki gen yon medyasyon, rapò *ombudsman* lan dwe presize nati divès rezulta medyasyon an osnon rekòmandasyon pa li, ansanm ak detay pou tout mezi ki parèt apwopriye pou yon rekòmandasyon san bliye detay avèk rekòmandasyon sou sa ki pou fèt ak sa ki dwe sispann fèt.

Nan tout ka kote li enposib pou korije nan yon delè rezonab sitiyasyon ki te lakòz yon plent fèt, epi plent lan byen tabli, rapò *ombudsman* lan dwe esplike rezon ki bay rezulta sa yo.

ATIK 40 | *Ombudsman* lan kapab, si li santi se apwopriye, deside limenm menm antreprann yon ankèt konsènan vyolasyon yonn oubyen plizyè dwa sitwayen, fanm kou gason, tankou sa parèt nan Chat sa a.

ATIK 41 | Rapò *ombudsman* lan prezante chak ane nan konsèy vil la epitou ki chita sou akonplisman fonksyon li yo, gen yon pati ki baze espesyalman sou bilan entèvansyon li yo ansanm ak aktivite li yo ki chita sou sa ki ekri nan Chat sa a. Li kab fè ladan tout rekòmandasyon li jije apwopriye.

# Dispozisyon final yo

## ATIK 42 | Revizyon Chat la

Nan kat ane apre Lis regleman sa a fin antre an aplikasyon, epi peryodikman apre sa, Vil Monreal ap kòmanse, nan kad yon konsiltasyon piblik, evalye efikasite, sou nesesite epi sou garanti, dwa ak responsabilite yo ki parèt nan Chat la ansanm ak sa ki parèt nan pwosesis suivi ankèt la epi plent li prevwa a.

## DWA POU INISYATIV

Dwa pou inisyativ nan domèn konsiltasyon Piblik (Atik 16 h) pèmèt sitwayen yo, fanm kou gason, pwopoze solisyon tou nèf epi konstriktif, pwojè ki pote inovasyon, epi ki kab kreye mobilizasyon yon fason pou genyen yon repons pou divès pèfomans ak defi vil yo a lè yo rive fè yon konsiltatasyon piblik apre yo fin mete yon petisyon deyò. Konsa, sitwayen yo, fanm kou gason, vin genyen privilèj pou yo pwopoze yon lide ki pa te janm la anvan sa, fè moun konnen li epi valide pètinans li pandan yon konsiltasyon piblik. Avèk dwa pou inisyativ la, sitwayen yo, fanm kou gason, kab kontribye pozitivman nan devlopman vil yo a.

### Remèsiman

Vèsyon kreyòl *Chat Monreal pou dwa ak responsabilite yo se yon tradiksyon Michel-Ange Hypolite (Kaptenn) M. Ed.*

Moun ki te fè revizyon tèks tradiksyon an se Misye Kéder Hypolite avèk èd Misye Joseph Jean-Gilles.

Jen 2016

Si ta gen divèjans lide se tèks franse a ki prime.

Se tout moun nan konsèy Vil Monreal la, ki te vote pou aksepte Lis regleman Monreal la pou dwa ak responsabilite moun, nan dat 20 jen 2005 (Regleman 05-056). Li rantre an vigè lye janvye 2006. Se tout moun nan konsèy Vil Monreal la, ki te vote pou aksepte modifikasyon ki te fèt nan *Lis regleman Monreal la pou dwa ak responsabilite moun*, nan dat 21 novembre 2011.

Se Sèvis grèf la ki pwoudi dokiman sa a.  
Jen 2016  
ISBN : 978-2-7647-1055-5  
Grafis : Langevin et Turcotte  
Desen : Philippe Béha

Disponib an fransè